

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

##### 3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode mangrupa cara pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan déskriptif kualitatif.

Suyatna (2002:14) nétélakeun yén méthode panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dina cara déskriptif wungkul, teu uji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun ma'na implikasi.

Numutkeun Surahmad dina Halimah (2001: 23) nétélakeun yén anu dimaksud méthode déskriptif nya éta méthode anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, ngaanalisis data, sarta ngadéskrripsikeun data.

Ieu méthode digunakeun pikeun ngaran tempat atawa kampung dumasar aspék hidrologis, morfogéologis, biologis, jeung sosial.

### 3.2 Wangenan Operasional

- 1) Folklor nya éta carita diwariskeun sacara turun-tumurun sacara lisan atawa tinulis ti generasi ka generasi.
- 2) Ngaran tempat nya éta ngaran anu geus dibéré jujuluk ku jalma atawa kana kaayaan dina éta tempat.
- 3) Karawang Barat nya éta tempat anu aya di wewengkon Jawa Barat anu jadi objék dina ieu panalungtikan.
- 4) Bahan Pangajaran nya éta bahan pikeun diajar basa Sunda, hususna ngeunaan folklor anu kaasup tradisi lisan.

### 3.3 Instrumén panalungtikan

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) alat ngarekam anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data lisan ngeunaan folklor ngaran patempatan di Kacamatan Karawang Barat.
- 2) kaméra, anu digunakeun pikeun dokuméntasi narasumber.
- 3) pedoman wawancara , ieu eusina ngawengku idéntitas narasumber anu di wawancara. Anapon contona nya éta:

Tabél 3.1

<b>Pedoman Wawancara</b>
<b>A. Biodata Informan</b> Wasta : Umur : Alamat : Pakasaban :

### 3.4 Téhnik Ngolah jeung Analisis Data

Téhnik ngolah jeung analisis data dina ieu panalungtikan téh, bakal dipedar saperti ieu di handap:

- 1) ngumpulkeun informasi anu geus dipibeunang tuluy dipedar ngaliwatan studi pustaka, wawancara, dokuméntasi, jeung obsérvasi.
- 2) ngadéskripsikeun unggal ngaran kampung patali jeung bukti sajarah nu milu ngarojong kana éta ngaran kampung.
- 3) ngelompokeun dumasar kana aspék-aspékna jeung mana anu panglobana ngakasangkutanan ngaran kampung.

### 3.5 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Aya sababaraha léngkah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) tatahar
- 2) ngumpulkeun data

- 3) ngolah data
- 4) nyusun laporan panalungtikan.

### **3.5.1 Léngkah Tatahar**

Léngkah anu munggaran dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) ngayakeun survéy awal
- 2) nyodorkeun judul panalungtikan
- 3) nyusun rancangan panalungtikan
- 4) nguruskeun surat ijin panalungtikan
- 5) ngayakeun konsultasi jeung pangaping.

### **3.5.2 Léngkah Ngumpulkeun Data**

Léngkah anu dipaké ngumpulkeun data nya éta:

- 1) ngalakukeun wawancara pikeun ngumpulkeun data ti lapangan
- 2) ngadokuméntasikeun sarta ngainvértarisir data anu ka cangking.

### **3.5.3 Léngkah Ngolah Data**

Léngkah ngolah data anu geus dipibeunang ngaliwatan wawancara jeung sumberna nya éta:

- 1) mariksa data anu geus dikumpulkeun
- 2) nganalisis data

- 3) ngelompokeun dumasar kana aspék-aspékna
- 4) nyieun kacindekkan tina data anu geus kapaluruh

### 3.5.4 Léngkah Nyusun Laporan

Léngkah nyusun laporan dina ieu panalungtikan nya éta ngalaporkeun data dina hasil panalungtikan kana wangun skripsi.

Sistematika nyusun skripsi saperti ieu di handap.

#### 1) **BAB I (Bubuka)**

Bab 1 bubuka anu eusina kasang tukang, tujuan, mangpaat, anggapan dasar, metode, data jeung sumber data.

#### 2) **BAB II (Tatapakan Tiori)**

Bab 2 ngajelaskeun ngeunaan tiori anu dipaké, tiori anu aya patalina jeung judul anu diajukeun pikeun panalungtikan.

#### 3) **BAB III (Métode Panalungtikan)**

Bab 3 ngeunaan métode jeung téhnik anu dipaké dina panalungtikan, wangenan Operasional, instrumén panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan nalika nyusun skripsi.

#### 4) **BAB IV (Hasil Panalungtikan)**

Bab 4 ngadéskripsikeun tina data anu geus meunang ti lapangan tuluy diolah jadi skripsi.

**5) BAB V (Kacindekan jeung Saran)**

Bab 5 ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan tuluy nyieun saran.

